PANGAOS LANGGANAN:
1 sasih f 1.70, sak-artal f 5.—
loear Indonesie 7.50,
pembajaran ti pajoen.

Drukkerij di Pasarstraat 30
Telefoon No. 51
Tasikmalaja.

# „SIPATAHOENAN"

— — Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" sabab dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun — —

Hoofdredactie: BAKRIE SOERAATMADJA

Agent-agent Sipatahoenan: Publiciteitskantoor „de Globe" N. Z. Kolk 19 Amsterdam, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, Soetadiredja Regentsweg 34 Tjiandjoer, Gaos Soemadisastra Pangeran Soemedangweg 115 Bandoeng, R. Achmad Sobandi Sanding Garoet, sareng D. Wirianata di Tjiamis.

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—.
Harga langganan badami

Redactie & Administratie
Stoppinats Aloen-aloen No. 4
Tel. No. 121 — Tasikmalaja.

No. 121 — Kemis 4 Juni 1931 — 17 Moeharam 1350 — Taoen ka 8


## Dr. Soekiman contra Dr. Soetomo

(Persatoean Bangsa Indonesia contra Party Sarikat Islam Indonesia)

Moestika njebarkeun bedja, madjar ajeuna di Djokjakarta geus diadegkeun hidji comite, noe maksoedna baris ngajakeun openbare debat vergadering, antara Dr. Soekiman kokodjo Party Sarekat Islam Indonesia, contra Dr. Soetomo kokodjo Persatoean Bangsa Indonesia.

Samemeh oerang Goenoeng Galeenggoeng njieun pamanda ngan tina bab ieu, perloe ngadadarkeun asal moeasalna heula.

Ti bareto oge geus remen kadenge, pagetreugna Party Sarekat Islam Indonesia di Soerabaja djeung Persatoean Bangsa Indonesia, malah saenjana mah ti baretona pisan oge, samemeh aja Persatoean Bangsa Indonesia, keur djaman aja keneh Indonesische Studieclub (noe ajeuna djadi P. B. I.) memang geus rea kadjadian pagetreng. Tapi kawitana bae henteu sakoemaha mamalana lamoen dibandingkeun djeung ajeuna.

Ari noe ngalantarankeun ajana comite noe diseboet di loehoer teh, nja eta:

Henteu atjan sakoemaha lilana Dr. Soekiman kokodjo P.S.I.I. geus njebarkeun brochure, dina eta brochure Dr. Soekiman nembongkeun.... angen angenna noe disangkareupkeun ka P.P. P.K.I. malah Dr. Soetomo oge, noe djadi voorzitter Madjelis Pertimbangan P.P.P.K.I. noe ka beneran bae djadi kokodjona P.B.I. kasigeung koe brochurena Dr. Soekiman tea.

Roepana bae ieu brochure koe Dr. Soetomo henteu sakoemaha dipaliren, ngan bae dina „Soeloeh Ra'jat Indonesia" sae rat kabarna P.B.I. aja oge nga bantahna saeutik.

Djigana bae sanadjan eta bantahan teh saeutik, tapi katjida ngahoedangkeunana ka Dr. Soekiman, noe matak nepi ka di Djokjakarta aja comite noe diseboet di loehoer oge. Noe dioe dang koe ieu comite pikeun de bat teh, Dr. Soetomo atawa Bestuur P.B.I. tapi ajeuna hen teu atjan meunang bedja dilade nan henteuna.

* *

Lamoen meunang nawar mah koe kahajang ieu openbare de bat vergadering teh oelah djadi da bareto oge, djaman aja open bare debat antara Mr. Singgih djeung Hadji A. Salim, geuning henteu aja boeboekanana noe ngangpaat keur sarerea.

Anoe dipake kasalempang teh nepi ka kadjadian pabentar par ty djeung party deui, kapan sa rerea oge hajang ngadjoengdjoengkeun somah djeung lemah tjai. Atoeh ari dipake pagetreng bae mah moal aja toengtoengna.

Sanadjan pertjaja jen di noe pallnter mah moal aja oenoekoenekkeun, tapi boeboehanana ari teuing djeung teuing mah, toengtoengna nepi ka matak po ho kana kawadjiban djeung toe djoean, rek ngangkat harkat mar tabat kabangsaan tea. Toeroegtoeroeg bet noe tadina geus aja pabentarna djeung P. S. I. I. teh atawa djeung kokodjona, ajeuna ngompoel di pihak P. B. I.

Djrg. Soeroekardono noe tadina geus aja patelakna djeung S. I. (samemeh djanti djadi P.S.I.I.) kapan ti sabarang moelang tina hoekoeman lantaran perkara Af deeling B. di Garoet tea, henteu balik deui ka P. S. I. I. tapi aja dina kalangan P.B.I. malah dja di Redacteur „Soeara Oemoem" soerat kabarna P. B. I. keneh.

Nja kitoe deui Mr. Singgih noe kakara pisan kaloear tina kalangan B. O. noe bareto geus aja patelakna djeung H.A. Salim kokodjo P.S.I.I. noe kakontjara ajeuna aja dina kalangan P.B.I.

Sanadjan ngoempoelna sakoer noe geus patelak djeung P.S.I.I. teh lain beunang badami pirin dah ka P.B.I. tapi henteu boe roeng bae ngarasa hariwang bisi kadjadian patelak party djeung party deui. Sabab noeroetkeun loeang djaman katoekang mah, lamoen kokodjo djeung kokodjo deui geus patelak, henteu meunang henteu kaomna oge miloe patelak, malah toengtoeng na pisan mah nepi ka pagetreng party djeung party.

Koe oerang perloe pisan dipake loeang, djaman patelakna Djrg. O.S. Tjokroaminoto djeung Djrg. Semaoen dina congres Sa rekat Islam di Madioen, kapan Sarekat Islam noe sakitoe tohagana teh, nepi ka djadi pabaren tjai, nepi ka aja S. I. Merah, malah nepi ka djadina P. K. I. pisan

Koemaha toengtoengna? Geu ning pagetreng bae P.S.I. djeung P.K.I. teh, sarta balas pagetreng tea, henteu aja boeahna noe ngeunah keur somah noe rea.

* *

Ajeuna oge, panangtangna comite rek ngajakeun debat vergadering teh, antara Dr. Soekiman djeung Dr. Soetomo tea, oerang seboet bae antara P.B.I. contra P. S. I. I. kahajang mah oelah diladenan, sabab sanadjan diladenan oge, moal aja boeahna noe ngeunah.

Katjida hadena lamoen P.B.I. tina perkara ieu menta timbangana P. P. P. K. I. heula, dibadamikeun koe sakoemna pagoejoeban noe ngahidji dina P. P. P. K. I. sabab ieu perkara teh kapan noe djadi asal moeasalna oge, brochure Dr. Soekiman tina perkara P.P.P.K.I.

Moal goreng, lamoen enja mah rek mareboetkeun bebeneran, noe njangkareupan ieu debat teh lain persoon Dr. Soetomo tapi P.P.P.K.I. sakoemna, kadjaba lamoen aja perkara perkara noe loearen P.P.P.K.I.

Hadena pisan Medjelis Pertimbangan koedoe menta timbanganana sakoemna pagoejoeban noe kabeungkeut koe P.P.P.K.I. ti anggalna keneh.

—o—

### Ngilari hidji goeroe

Wedalan Kweekschool kanggo H.I.S. Pasoendan II (teu nganggo Subsidie); gadjih noemoetkeun atoeran Gouvernement.

Serat panglamar adreskeun ka Bestuur PASOENDAN Tjabang Tasikmalaja.

Pangelatna ping 20 Juni '31

### Sandang pangan-pangan sandang.

Dina padjamanan sakieu harenghenghna kawasna noe koedoe didjalankeun koe sarerea nja eta „eenvoudig leven". Lamoen oerang rek ngoekoer sakoemaha noe diseboet eenvoudig leven katjida hesena. Kapan tjek noe saoerang mah sakitoe teh geus njeboetna hiroepna leutik njewa imah oge noe tadina ne pi ka f 25.— nepi ka f 30.—, ajeuna mah tjoekoep koe sewa an noe f 15.— bae. Koemaha tjek noe sedjen? Beu, eta mah lain hiroep leutik njewa imah nepi ka f 15 oerang mah njewa imah noe f 7,50 atawa f 5. bae. Lamoen ngingetkeun tjonto noe tadi, djadi oerang bisa njeboet keun jen „eenvoudig leven" teh taja wates wangenna, nja eta tergantoeng djeung panghasilanana bae. Moeng lamoen oerang njokot naon pimaksoedeunana tang toe koe sarerea bakal kahartl.

Nja eta oerang teh koedoe bisa ngeureut mitjeunna. „De teering op de neering zetten" tjek deungeun mah. Kapan kahi roepanana kaom Indonesiers teh over het algemeen mikaresep kana djadi kaoem boeroeh. Noe dipake gede kate goenoeng panangkeuhan koe kaoem boeroeh taja lian ngan gadjih. Ketjap ga djih geus mawa harti sorangan, nja eta oepama gadjih tea kapanasan tangtoe leeh. Di mana geus leeh kana paparabotan oge ngadjadikeun kotor djeung ngoembahna oge kalawan koe doe disaratan koe tjiasak. Kitoe deui gadjih dina maksoed salaris, moen oerang teu bisa ngampihanana atawa makena ma tak leeh. Moeng bae leehna ga djih ieu mah sedjen deui. Nga beresihanana oge kalawan koe doe disaratan. Saratna taja lian ngan oerang koedoe bisa nahan hawa napsoe, djadi oelah ngala djoer napsoe ngoembar amarah.

Noe maraos tangtoe geus terang aja noe sok ngalocet kieu: „Abis boelan abis oewang" Ketjap ketjap noe bieu lamoen disidikkeun djeung boekti-boekti katjida meneranana. Geuning lain hidji doea bae, dimana tas gadjihan ledis pisan, kilangbara bisa ngagehan pibekeleun hiroep sapoelaneun, kakara bisa dibagi keur babajar hoetang oge nja boetna geus oentoeng. Jaktos ki toe teh?

Djadi lamoen dipikiran mah oerang bisa njeboetkeun jen be kel keur hiroep saboelaneun teh didjieun nomer doea. (wordt een tweede zaak). Padahal beberna mah koedoe didjieun nomer noe pangpangna.

Saleh sawios djrg. tangtos aja noe marioskeun: „Atoeh poegoeh bae keur barang dahar didjieun tweede zaak, katimbang ditangih koe hoetang mah." Julat, lamoen geus kitoe mah bener. Tapi naon sababna pangna boga hoetang teh. Tjek sim koering mah nja-eta koe lantaran kasenangan redjeki noe di tampa teu diperloekeun heula kana kaperloean barang dahar. Kapan lobs pisan kana sandang (papakean) djeung karojalan heu la, dimana geus beak kakara mikir-mikir keur barang dahar. Naon deui ajeuna pidjalaneunana? Geura moen heug di perloekeun heula kara pangan, saleuwihna kana sandang. Ah asa pirakoe lamoen nepi ka soesah bae mah. Moeng nja eta theorie djeung praktijk mah sok arang langka pisan noe tjotjog.

Tadi geus diseboetkeun jen oerang teh koedoe merloekeun heula kana pangan. Tangtoe bae maksoedna mah oelah kena ke na koedoe merloekeun kana pangan, nepi ka koedoe ngajakeun boter en kaas sagala. Kapan eta mah lain katoeangan oerang Indonesiers. Didjieunna oge lain di tanah oerang katoeroeg beh roeg harganana mahal deui. Sim koering terang pisan jen kadaharan oerang oge lobs noe raos noe kaloearan ti tanah oerang sagembleng, asal sing bisa ngolahanana bae.

Koe sabab eta sim koering satoedjoe 100 pCt. kana voorsteina djrg. istri desa, dina Sip. No. 113, tina perkara cursus masak, njieun masakan noe raos tapi zonder mantega oedjoe. Ajeuna malikan deui jen ka rereaanana sok merloekeun ka na sandang heula. Moen dipiki ran mah roepana geus kitoe bae perwatekna alam teh. Geu ning lamoen oerang barang pa kena henteu gandang mah sok teu pati diadjenan.

Lamoen oerang miradjeunan ngadengekeun kolot keur ni mang maakna kieu pok pokana na teh:

„Nelengnengkoeng- nelengneng koeng, geura gede geura djang koeng, djaga sing bisa tjoekoep enggoning njiar sandang pangan". Toeh geuning dina panimang oge oerang bisa ngamanan noe diperloekeun teh sanoangna heula, da pangan mah diseboetna oge pandeuri. Arang langka pisan noe nimang anakna: „.... . . . . sing bisa tjoekoep enggo ning njiar pangan sandang" Hen teu loembrah sanes oepami nja rios kieu teh? Dalah dina orok noe kakara borosot oge noe diperloekeun heula oge sandang na.

Tapi nadjan koemaha oge teu djadi naon boh rek merloekeun sandang heula boh rek pangan na heula, asal sing sigar tengah bae. Kantenan oetamina mah merloekeun keur pangan heula, salangkoengna kana sandang.

(Arm).

—o—

### Awas! Awas! saha noe tas dahar tjabe tangtoe karasa ladana.

Noe noelis ieu artikel, teu pisan pisan ngagadoehan ngewa ka djelemana noe geus ngarasa ka sabit sabit koe ieu toelisan, noe noelis mah ngan mang hari wangkeun bisi taladjakna djelema noe saroepa kitoe teh djadi noeler, kieu geura tjaritana:

Di Koeningan aja pokrol bam boe noe njamoeni, naon sabab na noe matak teu di seboetkeun njamoeni?

Eta bae pedah tjan kapanggihan pisan keur ngabelaan perkara djelema noe geus ngawasa keun ka manehna, tjan sakali nendjo aja djagragna eta djelema di pajoeneun pangadilan, ta pi eta pokrol bamboe noe nja moeni tea geus bisa ngadjalan keun rolna di djero taoen 1929 djeung 1930 make djalan mang nagihkeun ka hidji djelema oerang dinja keneh kalawan make actie noe matak pikasieuneun ka noe boga hoetang, ka woewochan noe boga hoetangna teh leutik boerih (borangan) tina si eun sieunna koe noe nagih tea, kasoer keur di pake oge djeung ngan sakitoe kitoena, ngan ge boet bae didjoeal, koeit ladang na toeloej bae disanggakeun ka pokrol bamboe S. noe nagih tea.

Malah ari tjek bedja mah, noe boga hoetang geus majar hoe tangna ka pokrol bamboe eta koe roepa doeit djeung barang barang kira aja f 160— (Saratoes genep poeloeh roepia.) Tapi aneh sareboe kali aneh koe ta ladjakna eta pokrol bamboe nga ran S. noe lain oerang Koeningan pitoein tea, sanggeusna ma nehna nampanan pamajar ti noe ditagih koe manehna henteu te roes dipasrahkeun ka noe nitah nagih, tapi di Emam koe manehna bae, ari tjek bedja mah, barang-barangna oge noe meu nang nagih tea aja noe geus di djoeal, aja oge noe dipake di imahna manehna.

Hal ieu moega djadi pertimbanganana djelema rea naha dje lema noe kitoe taladjakna teh ka asoep kana golongan djelema bener?

Ari tjek emoetan noe njerat mah, soegan pokrol bamboe S. teh hajangeun asoep deui ka Hotel Prodeo. Tjek S.

### Ngaliboer titel raden.

Djaman kamadjoean, namoeng njakitoe roepi roepi kamadjoean teh, anoe koe pribados bade di tjarioskeun nja eta noe marandjeng kana napsoe ngangge titel raden.

Teu sawios ari noe rarekes ka Goepenoer djendral sarta hasil kenging karadenan mah, da eta mah poegoeh laratanana sarta terang wani mentana.

Namoeng eta, biasana noe nga loembara noe daramelna dina particulier sapertos noe damel di toko, di Onderneming, sok oge noe njoedagar tanapi noe tani, seueur noe ngarakoekeun maneh sarta marenta diseboet, „raden" noe teu poegoeh laratanana, aja noe koe djalan nji eun kartjis ngaran dirarangkenan „raden" atawa bor ngaran ditjongtjlong „raden", aja noe nepikeun ka ngahadja njoeratan ka babarajanana noe djaoeh soepaja njaroeratan kamaranehna make titel „raden" toer lain hakna.

Eta loetjoena mah noe njamoer „raden" teh dina kagoe ngan poetra, ma'loem ajeuna mah ngangge kedah rapport ka lawan ngangge saksi tina ka ra denan eta moerangkalih, atoeh aja noe rapot oge ngilari saksi noe bela sailon nja aja oge noe asin djadi „raden".

Sapalihna ngangge akal dina tempo babarna ngadon heula ka lemboer sanes geusan ngabo bodo maneh, dina balikna deui kapangoembarsan tjatjarita ka tangga tatanggana, ka sobat sobat, .... ngamoeng hidji-hidji .... njeboetkeun geus rapport ka radenan eta boedak dilemboerna padahal bohong.

Mangga njanggakeun galiheun ka djoeragan djoeragan noe ter hormat, maksad terhormat didi eun nja eta ka djoeragan djoera gan noe manahna sehat sarta rengreng kana sahak sehaknater, meureun noe owel koe karadenan ngangge djalan njoeloemoen mah kenging disebat „bangsat titel raden"?

Sok harianeun, isin atoeh! Kop polisi, loemajan noe kitoe oge keur nambihan kas wang denda.

Hatoer noehoen ka djrg. redaktoer teh tiasa nempatkeun ieu tjariosan.

Hoermatna
Mas Toelen

Ti redactie:

Tiasa djadi rea noe salaman soeloemoen hajang make titel, sanadjan ngan oekoer titiron bae. Tapi oepama dipikir noe rada leleb mah, ieu kahajang teh henteu sakoemaha mangpaatna, tobat sanes pisan ngarendahkeun, pilakadar ngan pikeun papaes dina adres bae. Padahal noe gede mangpaatna mah, kapinteran djeung kasoegihan.

Sanadjan make titel saratoes kalieun kitoe oge, ari hiroep kekerehet mah, komo lamoen ngan djadi poerah dibobodo deungeun bae, titel teh moal aja toeloengna pisan.

Lamoen boga nepi ka hajang agadjoeal, saha noe rek nawar?

### Gentra Istri

#### Katjoerigaan Dilak djeung Golek.

Kawas geus djadi bakat, sanajan henteu sadajana oge para istri teh sok gede timboeroe, ngarasa risi panoetanana kabeng bat koe anoe sanes. Nanging ieu teh aja noe dikedalkeun sareng anoe henteu, noe dikedalkeun ngan koe polah bae, semoe mikaresep ka noe sanes.

Katjoerigaan para istri teh, tangtos bae dikeunana ka para istri noe lalagasan, nanging ieu katjoerigaan teh sakapeung mah matak ngadjantenkeun ka teu raosan.

Ajeuna bade ngadadarkeun pamendak heula.

Koe sadajana tangtos ka emoet oepami aja istri noe habarewo san dina tempat pasamoan, tang toe koe sadaja oge dianggap henteu sopan bae, sanaos noe ditjarioskeun dina harewos teh sanes karinah oge.

Djisim koering hidji awewe noe lalagasan, nanging koe rarasaan mah, koerang koemaha noe djaga diri, nja eta bisi keuna koe pitenah djeung karinah tea, tjatjampoeran oge katjida dipili hanana. Maksoed djisim koering milih tjatjampoeran teh, lain mi lih menakna atanapi milih tjatjahna, nanging milih noe hade kalakoeanana, margi sanaos di tjatjah koeritjakan oge, paripaos oerang kampoeng bae lisoeng, henteu kirang - kirang noe sae kalakoeanana, nja kitoe deui sanaos di menak oge anoe awonna mah nja henteu kirang kirang bae.

Dina hidji mangsa, djisim koering dongkap kana gempoe ngan noe hadjat, di dinja paran tos rea para istri sareng para pameget tjaralik dina korsi.

Sanaos djisim koering sanes ngahadja nalingakeun, nanging djisim koering terang, di dinja aja sawatara istri noe ngadadak pating harewos bari tingdarilak ka djisim koering. Padahal koe rang koemaha kahormatan dji sim koering ka arandjeunna sa kadar noe kirang katerang tina perkawis tata basa mah.

Toengtoengna djisim koering gadoeh sangkaan, doemeh djisim koering dongkap ka dinja teh njorangan pisan, toer djisim koering hidji awewe noe lalagasan. Tiasa djadi kamerdikaan djisim koering teh, koe eta para istri dianggap awon pisan, malah tiasa djadi oge kagoengan kaha riwang bilih djati kasilih koe djoenti, padahal noe henteu ngimpi ngimpi atjan tea, kana kitoe teh.

Dina leresan ieu oge, parantos tiasa didamel oekoeran, jen sangkaan anoe henteu dikedalkeun teh, djalaran anoe meong semoe sareng dilak tea, ageung pisan mamalana pikeun ngara ketkeun dina hiroep koemboeh na para istri.

Oepami para istri bangsa oerang, rea keneh noe sok kara goengan sangka noe lain lajakna, atoeh kamadjenganana para istri teh moal aja isedna, malah tiasa djadi matak ngamoendoerkeun.

Istri Garoet


ISTRI TEH
LEMES BOEDINA
Oepami palaj oeninga kalemesanana
AOS
SOENGKEMAN GELOENG
Karangan
NARAJANA
Ngagaleuh ieu boekoe hartosna Ngadeudeul Sipatahoenan.
*Adm. Sipatahoenan*


### „PASOENDAN SOEMEDANG"

Ngawitan dina ping 1 Juli 1931 di Soemedang bade moeka H. I. S. „Pasoendan".

Koe margi eta:

a. Milari hidji goeroe diploma H. K. S. atanapi Kweekschool, gadjih sakoemaha di Goepernemen, Panglamar kedah disebatkeun gadjih di Goepernemen sareng diadreskeun ka djoeragan Commissie H. I. S. Pasoendan Soemedang p/a M. Adimadja di Groote Postweg (Soemedang).

b. Anoe teu aampi bewara (lijst) pimoerideun, bae boedjeng boe djeng njeratan ka R. Soemardja, Secretaris Pasoendan Soemedang. Bajaran sakola sakoemaha di H. I. S. Goepernemen diwoe weh 50 sen sareng nganggo entree f 10.—

*BESTUUR.*

## Kiriman

(Loear tanggoengan Redactie.)

*Djrg. Redactie Sipatahoenan, njoehoenkeun soe pados ieu seratan priba dos, kalebetkeun kana Sipatahoenan anoe bade kaloear.*

Kami soedah membatja dima na soerat chabar Sipatahoenan hari Saptoe tanggal 30 Mei 1931 artikel „*Loear tanggoengan Redactie, jang ditandai oleh penoelis W. A. M.* jang mana toelisan itoe ada perkataan jang amat kotor soedah melanggar kahormatan lain orang poenja nama, di sini kami menoelis dengan ringkas, oleh karena kami tiada soeka, jang kami poenja nama soedah disiarkan dengan mengandoeng arti . . . . . . diharap ka loe benar kamoe bertabeat manoesia, apakah kamoe poenja maksoed menjiarkan atau mem bekend kami poenja nama dan saudara kami dimana soerat chabar ini?

Dan djika kamoe ada didalam kabenaran dengen merasa tida enaknja atas perkataan kami ini, baik kamoe dateng di kami poenja roemah dan djoedjoerkan kamoe poenja napsoe jang terkandoeng, kami akan meladeni, kami bersoempah di mana soerat ini, samasekali kami tida takoet, dan kami bilang disini jang kamoe poenja otak ada miring (tida sehat, boekan martabat manoesia, tapi martabat binatang).

Lain dari itoe soepaja kamoe mendjadi tahoe, dari hal ini kami soedah mengadap kepada le Sectie Politie di Bandoeng, minta soepaja ini perkara didjalankan, (karena kami dengan saudara kami soedah disiarkan dimana soerat kabar dengan perkataan jang amat kotor.)Sajang kamoe poenja nama tida diterangkan dengan djelas roepanja sadja belom loeas, memang orang martapat sjaitan tida bisa menerangkan nama jang djelas.

N.B.

Djoeragan Redacteur Sipatahoenan, sanaos seratanana W. A M. diloear tanggoengan djrg. djoeragan Redacteur kedah ngoedji tina eta seratan anoe sakitoe awonna, teu pantes eta serat di moeat dina serat chabar Sipatahoenan, toer ieu soerat chabar kalajan dipimpin koe noe ngalartos (terpeladjar) sarta bangsa qaum Marhaen, toer itoe anoe ngalebetkeun sanes bangsa, naha teu aja deui seseratan atanapi karangan anoe langkoeng sae atanapi manfaat kanggo oemoem sadjabi ti seratan eta?, eta manoesa W.A.M. moela-moela parantos doengkap (persoonlyk) ka Redacteur Kaoem Moeda, nja eta njoehoenkeun soepados dimoeat dina Kaoem Moeda, na moeng koe margi redacteurna Kaoem Moeda djalmi paos emoe tanana, koe andjeunna ditolak, roepina bae ngemoetkeun kana kabangsaan (miloe njeri, koe ke tjapna eta manoesa).

Namoeng koe Sipatahoenan bet dilebetkeun, saroepi anoe panoedjoe kana eta seratan teh, geura djoeragan oepami hidji manoesa kagoengan Agama (nje peng Agamana Allah) pang boe roek boeroekna manoesia, anoe sok ngaboekakeun (ngabewarakeun) lakoe lampahna manoesia (anoe awon), sawangsoelna pang sae saena Manoesia moenggoeh Agamana Allah, anoe sok njim boetan kana kaawonana manoesia (batoerna of sanesna), lebah dieu anoe djadi pamoeka tina ieu soerat kabar, parantos lebet kana ngalangar Agama (saroepi anoe rempoeg kana seseratanana eta Manoesia W.A.M.) Kalihna ti eta oepamina bae djoeragan Redacteur aja ka teu raos koe seratan pribados, panoehoen en tong ngawaler dina serat chabar namoeng diantos soemping ka rorompok, bade toemaros naon koe pribados di sajagikeun, naha bade ka Manoesiaan, naha bade ka Agamaan, engke koe pribados di etjes etjeskeun atoe ranana.

Wassalam,
Adibrata,
Djalan Tjikawao 34/36A Bd.

———

Ti redactie:

Saenjana henteu djadi kawadjipan redactie koedoe ngasoepkeun ieu soerat kiriman, sanadjan loear tanggoengan redactie oge, sabab noe kageboeg koe toelisan W.A.M teh lain Djrg. Adibrata tapi Djrg. Hardjawinata. Djadi noe aja hak ngabales teh Djrg. Hardjawinata lain Djrg. Adibrata.

Tapi oerang ma'loem bae, meureun henteu oeningaeun di mana ajana hak djeung kawadjiban.

Katjida hadena ieu perkara koe noe ngarasa henteu ngeunah geus dimangadoekeun ka politie, meureun engke dihareupeun pangadilan bisa kanjahoan di mana ajana kasalahan. Oerang tongton koe batoer djenoek bala rea!

Toelisan di loehoer, henteu ngadjawab kana toelisanana W. A. M. tea, tapi ngan sakadar njeukseukeun ka noe noelisna bae, minangka tambahna ngabedjaan geus mangadoe ka politie menta dioeroeskeun.

Djrg. Adibrata henteu kedah ngawoeroekan, kedah ngoedji heula toelisan W.A.M. samemeh diasoepkeun kana Sipatahoenan. Saajeuna redactie henteu atjan perloe goegoeroe ka Djrg. Adibrata. Kahartos?

Redactie ngasoepkeun eta toelisan, lantaran ngarasa perloe njaangan ka djalma rea, bisi enja sakoemaha noe diberendelkeun tea. Dina henteu enjana bae, Djrg. Hardjawinata aja hak ngabantah eta toelisan, djaba ti eta aja hak mangadoe ka pangadilan. Tapi tangtoe W.A.M. oge ngaboga boekti-boekti anoe tjoekoep.

Djrg. Adibrata, bilih teu oeninga, noe noelisna eta karangan teh pitoein bangsa Indonesier, ngan bae hakna disaroeakeun djeung oerang Europa, tapi tetep kaindonesiaanana.

Kaoem Moeda henteu ngasoepkeun toelisanana W.A.M. meudjeuhna, tapi tjoba tingalan dina soerat-soerat kabar sedjen, tangtoe kapanggih toelisan noe tjara dina Sipatahoenan teh, nja-eta njaritakeun lalakonna Djrg. Hardjawinata tea.

Djrg. Adibrata moega ngartos, koe Sip. sanadjan bangsa oge moal dipinding pinding lamoen tetela matak ngaroeksak hiroep koembueh. Oelah abong kena ka bangsa sanadjan tjoeraling oge, pirakoe koedoe diboenian bae?

Djrg. Adibrata, andjeun make aling aling agama, madjar tjek agama pangboeroek boeroekna manoesia noe sok ngaboekakeun lakoe lampah manoesia noe awon. . . .

Djrg. Adibrata! Redactie jakin, jen agama henteu marentahkeun koedoe ngaboenian sagala lampah noe goreng.

Redactie moal aja ka teu raos koe Djoeragan, nanging redactie henteu tiasa njoemponan pamoendoet kedah dongkap ka boemi mah, margi redactie henteu ngagadoehan kawadjiban koe doe koemawoela ka djoeragan Adibrata.

Djrg Adibrata bade masihan roepi roepi katerangan tina bab kamanoesaan sareng kaagamaan, noehoen, ngan saajeuna henteu perloe kenging piwoeroek ti djoeragan, margi jakin pisan djoeragan njebatkeun kitoe teh, ngan kadjoeroeng koe kasombongan sareng katakaboeran bae.

## Priangan

### Tasikmalaja.

**Handy Circus.**

Dina ieu soerat kabar geus di tjaritakeun jen Handy Circus baris datang sarta nembongkeun pangabisana di Tasikmalaja. Tapi ajeuna mah henteu toeloes.

Tadina eta Circus geus menta idin baris maen di Tasikmalaja sarta geus kaidinan, tapi lamoen Harmston Circus geus indit ti Tasikmalaja.

Koe sabab Harmston circus geus maen di Tasikmalaja, djigana bae Handy ngarasa hariwang bisi beakeun doeit, koe sabab eta pamentana rek maen di Tasik tea ditarik kombali, henteu ditoeloejkeun.

Meureun njareboet soekoer noe henteu baroga doeit mah, tapi sabalikna tangtoe njareboet handjakal, tjek toekang laladjo mah.

**Miss Riboet teu meunang ka Tasik.?**

Dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun jen Maleisch Tooneel Gezelschap Orion „Miss Riboet" rek nembongkeun kabinangkitanana di Galoenggoeng bioscoop di Tasikmalaja. Advertentiena dina ieu soerat kabar geus dimoeat, reclame geus njebar ka mana-mana, programma geus disebarkeun ka sakoeliahna. Tjindekna ti ajeuna keneh oge geus djadi tjarita djalma rea.

Tapi ajeuna ngadadak aja bedja, jen Miss Riboet teh koe Bopati Tasikmalaja ditolak henteu meunang datang sarta nembongkeun pangabisana di Tasikmalaja, naon sabab sababna henteu atjan meunang bedja anoe tangtoe. Tapi koe oerang sarerea bisa dikira kira, meureun bisi oerang Tasikmalaja popohoan kana laladjo, poho kana kaperloean anoe sedjen, da poegoeh oge Miss Riboet teh geus kakontjarakeun pisan.

Aja deui bedja, madjar Miss Riboet teh keur protest, doemeh henteu meunang datang ka Tasikmalaja, sabab sagala perdjangdjian djeung noe boga bioscoop geus didjieun djeung ongkos reclame geus rea noe kaloear.

Koemaha djadina doeka teuing.

**Anonim henteu poegoeh**

Poé kamari geus datang ka kantor redactie ieu soerat kabar, Inspecteur III ti Hoofd bureau S.S. di Bandoeng, nembongkeun salinan soerat anonim noe datangna ti Manondjaja, sarta nanjakeun soegan njaho kana kadjadian noe diseboet dina dina eta soerat anonim tea, nja eta kalakoeanana hidji Trein Controleur noe madjar sok ngaheureujan baroedak sakola awewe noe taroempak ka reta api.

Pangna ieu Inspecteur nanjakeun ka kantor Sipatahoenan, doemeh eta soerat diseboetkeun, koedoe nanjakeun ka kantor Sipatahoenan.

Redactie henteu meunang bedja tina ieu kadjadian sarta redactie henteu inget nampa pangadoean noe saroepa kitoe.

Bisa djadi ieu mah soerat teu poegoeh bae.

**P. G. D. Karangnoenggal.**

Dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun jen organisatie P. G.D. di Karangnoenggal katjida roetjat-ratjetna, lain bae lid-lidna henteu narampa orgaan, tapi geus tiloe boelan henteu aja noe nagihan contributie. Kawas deukeut kana goeloeng tiker.

**Tjengtjelengan di sakola henteu poegoeh.**

Tjara djoedoel noe diseboet di loehoer, Si Djalak ngabedjaan deui, jen doeit noe f 60.— noe aja di Mantri Goeroe tjan balik deui teh, lain milikna hidji Goeroe bantoe bae, tapi noe sababaraha oerang Goeroe bantoe.

Nja kitoe deui, noe koerang leuwih f 35.— ieu mah lain tjengtjelengan tapi indjeuman ti sawatara Goeroe bantoe, noe koe Mantri Goeroe masih keneh disidem bae. Bab ieu aja bedjana geus dimangadoekeun ka Wedana Karangnoenggal.

—o—

### Ti Tjiamis.

**Autobus ngadoe tanaga**

Henteu atjan sakoemaha lilana di djalan ti Tjiamis ka Kawali di palebah dessa Hajawang geus aja kadjadian doea autobussen diadoe Nja eta autobus merk G.S. contra autobus merk „Betoel". Oentoengna bae katjilakaan djalma mah henteu aja, tapi ari autobussen mah henteu loepoet bae pada aja karoesakanana.

**Awas tipoe!**

Mangkoekna ka boemina djrg. Sastraatmadja di Tjiamis, geus kadatangan djalma anoe henteu wawoeh, akon akon dititah nagih sewaan imah, koe anoe bogana. Koe sabab sasarina tara aja noe nagih kitoe, priboemi aja katjoerigaan, palangsiang ngan akon akon bae, nepi ka noe nagih balik deui tetep henteu dibere.

Isoekna kanjahoan, jen eta noe nagih teh lain djoeroengan noe boga imah, hadena bae henteu dibere, lamoen meunang katipoe meureun lapoer bae.

Awas, bisi datang ka imah noe sedjen.

**Mestakeun rek patoeraj.**

Malem Rebo mangkoekna di Tjiamis geus aja pesta anoe henteu sakoemaha gedena, nja eta mestakeun rek patoeraj djeung Djoeragan Patih di eta tempat doemeh rek pangsioen tea.

Sakoemaha biasa, dina eta patoeraj tineung dibarengan koe masrahkeun tanda mata ti ponggawa sahandapeunana.






### Ti Garoet.

**Salah tempat.**

Dina ieu soerat kabar geus ditjaritakeun jen di sakola Kl II di Kadoengora aja anoe henteu saroea metakeunana kahormatan Saenjana ieu kadjadian teh lain di Kadoengora, tapi tjek bedja mah dipetakeun koe salah sahidji Goeroe di Leles. Jeu kaka liroean moega ditawakoep.

**Katjilakaan**

Di dessa Tjikemboelan district Leles (Garoet) kira poekoe 4 sore, geus kadjadian katjilakaan boedak lalaki Indonesier noe oemoerna kakara 10 taoen, ti teuleum kana balong nepi ka maotna, sabab eta balong teh katjida djerona.

Ieu kadjadian, lantaran di ieu tempat mah, henteu loembrah balong dipager, atawa sok di oembar meunang dipake oelin baroedak. (Kyker)

—o—

### Bedja ti Bandoeng.

**Sidoeroe sore**

Poë Ahad kamari pasosore kira kira djam satengah lima, keur meudjeuhna hoedjan ngarintjik, geus kadjadian kahoeroean diimahna hidji Indonesier di Kebonkawoeng. Hadena samemeh ngarambat ka noe sedjen teh bisa kaboeroe dipareuman. Koemaha lantaranana eta seuneu masih keur ditalitengtik keneh.

**Timboeroean djeung anak?!**

Hidji awewe, randa, ngaran Halimah, oerang Bodjongloa, kaandjrekkan koe hidji boedak ngora ngaran Hamid Roepina bae, dasar watek doenja, sadjan oemoer geus „toenggang goenoeng oge", Halimah teh neundeun hate ka, bogoh ka boedak ngora noe matoeh di manehna tea.

Katjaritakeun anakna Halimah ngaran Nji Ojeh pepegatan djeung salakina Pedah Hamid remen ngandjang ka Ojeh, sang iboe teh timboeroean ka poetra ngambek, make djeung ngageboegan sagala ka anakna (Nji Ojeh), nimboeroekeun oedjang Hamid.

**Politie rapport Bandoeng.**

Geus ditahan koe politie:

Sardji djeung Ombas, asal oerang Tjikadoet, lantaran geus maling pakean harga f 20.— ti deukeut Circus Handy.

Djoedjoe alias Sapei, oerang Kadjaksan, lantaran geus maling samping harga f 3.— anoe Nji Entjoen, oerang Sasakgantoeng.

Nji Soekimah, oerang Regol, lantaran geus maling tas dieusi doeit f 10.— anoe Tebaleng, oerang Noorder Kampementstraat kapanggih di pasar Kosambi.

**Kaleungitan.**

Kong I Kam, oerang Andirweg, geus kaleungitan penning mobil.

Nji Oneh, oerang Astanaandjar geus kaleungitan tas dieusi roepa roepa kertas anoe berharga.

Njonja Foto, oerang Tjitjendo, geus kaleungitan panitih emas

Holsman, matoeh di hotel „Lux Vincet" geus kaleungitan andjing.

**Katjilakaan sapopoé.**

Di Tjitjendoweg, motor D. 739, ditoempakan koe G. van Diepe Veen, politieopziener Veldpolitie, geus diadoe djeung noe toempak kareta mesin ngaran P. Lasseduw, oerang Diemenstraat. Kareta mesin roeksak, ngan hadena euweuh katjilakaan djalma.

Di Residentweg, Nji Moersah, oerang Tandjoeng Sari, keur djondjon leumpang geus kageleng koe mobil D. 12037, disoepiran koe A. G. Vermeulen, oerang Farmanweg. Noe karoempak taroe dina sirahna.

Di Groote Postweg Concordia, politieagent 1e kl. ngaran Enoe No 33 keur toempak kareta mesin geus katoebroek koe mobil D. 13153, disoepiran koe Sastra alias Oedi, oerang Tjitepoes. Kareta mesin roeksak, ngan oentoeng keneh noe toempakna mah salamet.

—o—

### Ti Tjiandjoer.

**Slachterij Waroengkondang Tjiandjoer**

Sim koering, Palantjongan, ngandjang ka djrg. D., noe geus djadi oerang Waroengkondang, sabab bareto mah andjeunna sok radjeun noendjang Sip., nja eta rek nanjakeun, naon sababna andjeunna bet pensioen tina Penoendjang. Ari Waloranana teh: „Seueur damel, rada tjape, tapi lamoen gadoeh schrijf machine mah tiasa bae geregeld schrijven saeutik-eutikeun".

Samemehna sim koering neroeskeun perdjalanan, dibawa koe manteuna ka Padjagalan Waroengkondang, boeboehan geus aja perhoeboengan tea meureun.

Barang breh teh katingal, katjida heranna sim koerig mani ngahoeleng bae, kabeneran hari teh waktoe doktor Chewan keur mariksa moending poeloeh poeloeh diboeroean slachthuizen. Kaajaanana tempat motongna teu tjotjog djeung pikiran sim koering, djaoeh beda djeung pamotongan di sedjen sedjen tempat.

I. Slachthuizenna teu beresih, lantaran getih teu bisa ngotjor bener, rata teuing, mangkaning ari getih teh lamoen geus keuna koe hawa loear gampang djadi kentel.

II Tulang tjai koe awi, djadi disapirakeun pisan, toer tjai dina slachterij anoe pohara koedoe dioeroesna.

III. Kantor keurmeester beunang diseboetkeun hina, nja leutik, nja henteu practisch tjitjingna, lantaran ti djero kantor meh teu bisa nendjo katempat motong, toer keurmeester teh giwena katjida ripoehna, nja koedoe mariksa daging, nja koedoe noelis vergunningen keur noe dagangna.

IV. Pager Slachterij meer dan erg, kaajaanana geus lain tjaritakeuneun. Malah tjek djrg. D. mah geus lain sakali moending leungit ti pamotongan, babakoena tina moesim hoedjan, lantaran patokna karaboet, moending teroes montjor tina pager, malah sakali mah aja moending ragrag ka waloengan noe sakitoe gawirna, lantaran pager antara waloengan djeung pamotongan geus roeksak, geus teu beunang di ngaranan pager. Moending mah leuwih rosa batan oentjal. (sic.)

T. Koe sabab ari motong di Waroengkondang ti peuting, dija di tangtoe perloe make lampoe; kaajaanana verlichting koerang hade, kadang kadang mah nepi ka djrg. Keurmeester kapaksa make lampoe sorangan.

Barang kaoentoenganana R.R. ti eta Pamotongan dina sataoen lain saeutik gitik ratana dina 1 peuting di dinja motong 3 moending, djadi doeit noe disetor meureun 3 × f 1-50 = f 4.50. Dina saboelan 30 × f 4.50 = f 135. Dina sataoen 12 × f 135 = f 1620. Teu atjan diitoeng ari oesoem motong Lebaran Poeasa, Sawal, Rajagoeng, Moeloed, Radjab djeung Rewah mah. Ieu teh noeroetkeun globale berekening djrg. D. tea. Kaloearanana: gadjih Keurmeester 12 × f 45 = f 540. gadjih mandor 12 × f 12.50 = f 150 gadjih leerling Keurmeester 12 × f 17.50 = f 210. verlichting 12 × f 15 = f 180.

Djoemblah kaloearan f 540 + f 150 + f 210 + f 180 = f 1080 dina sataoen. Toeh geuning aja keneh sesana; tjik atoeh sing boga kapeundeul, ngaloearkeun ongkos f 200 tepi ka f 500 dina 3 taoen sakali keur kaperloean slachterij teu koedoe ngorobet tina setoran sedjen, nja tina beubeunangan slachterijna keneh bae.

Geuning ngoentoengkeun, slachterij Waroengkondang teh, teu ngaroegikeun, geuning njoembang njoembang kana uitgaven Reg. R. tjing atoeh oelah ngan dialap hasilna bae. Matak era, toer eta slachterij sisi djalan gede pisan, pagerna geus sakitoe gorengna. Tihang pager beusi beusina mah, pagerna kawat kawatna mah ngan orokaja edas lah geus euweuh piketjapeunana, koe hina. (Palantjongan)



# Iboe-iboe

Kedah didjaragi koelit pala poetra noe diinangan keneh, noe roepina bareureum

koe P U R O L.

Oepami aja kadjantenan kitoe di moerangkalih ata napi di noe nginangan, oelah lali kedah digosok — koe ieu landong: —

# PUROL

Pangaos sakaleng 40 atanapi 75 sen, tube saroepia saja-gi di oenggal roemah obat sareng toko.




## Indonesia

### Ti Semarang.

**Jonge Vrouwen Roovers.**

Sakabeh djelema anoe matoeh di kota Semarang, moal aja noe bireuk naon hartina sarta maksoedna J.V.R. tea. Di handap ieu diterangkeun sakadarna soegan djadi panerang ka sakoemna anoe teu atjan terang, sami aristna babakoena pisan mah para djrg. istri.

J.V.R. teh hidji perkoempoelan para nonoman anoe teu kinten awonna, ari anoe djadi lid-lidna ngan para nonoman pameget bae, ajana di Kampoeng Randoesari.

Doepi maksadna eta perkoempoelan rek ngaroeksak kahormatanana sadaja para istri, boh noe parantos rimbitan atawa parawan soemawonna randa mah, anoe tiasa digoda koe maranehanana tangtos ti ketjeboer kana laoetan kahinaan, oepamana:

Aja hidji parawan anoe beunang digoda koe salah sahidjina lid J. V. R. oepamana eta lid geus seubeuh, toeloej dioverkeun ka sedjenna lid, ieu nja kitoe keneh bae moen geus bosen nja di ka noe sedjenkeun ena datang ka si eta istri ngarasa, moen manehanana didjieun kaoelinan, nja toengtoengna mah boga hate ngalaloe, leungit di kaisin ninggalkeun indoeng bapa, nja toeloej ngalampahkeun teu oeni.

Tah sakitoe kadjahatanna J.V.R. teh, hidji perkoempoelan anoe katjida matak njilakakeunana ka para istri, noe koe oerang atawa ka noe wadjib koedoe di tarekahan, soepaja bisa dibasmi datang ka akar akarna.

Mangkoekna geus gehger deui aja hidji parawan anoe keur dilaketek koe salah sahidji lid J V.R. ngan oentoengna memeh eta parawan tjilaka kaboedjeng katangen koe salah sahidjina nonoman anoe berdasar „menoeloeng bangsa", ladjeng ditaros koe eta nonoman naon maksoedna noe matak dina waktoe geus sakitoe laatna (hari a taboeh 9 wengi) aja padoedoewaan dina tempat anoe soeni.

Ari djawabna eta pasangan, jen maranehanana boga niat rek kawin, djadi moen oerang koelon mah „verloofd" njeboetkeunana tapi ana dilelek lelek, sareng bade di bedjakeun ka voogdna (sabab eta parawan anak mas-na hidji Walanda), roepana rada sieuneun, toeloej eta nonoman ditjaritakeun moen eta istri jen eta pameget teh lid J.V R. djeung dihartikeun maksoed maksoedna (kahajangna) J.V.R. tea. Harita keneh eta parawan „ngagebeg", toeloej sesepan njarios ka eta J.V.R. moen ti awit djam eta manehna teu beunang deui datang atawa njoeratan ka manehanana.

Rewoe - rewoe nganoehoenkeun ka eta nonoman anoe ber dasar „menoeloeng bangsa", tina manehna ngarasa didjait tina ka bingoengna.

Ti mimiti ajeuna para pameget geus taki taki ngadjaga lakoe lampahna eta J.V.R. soepaja oelah bisa ngalakoekeun deui lalampahanana anoe chianath tea, Moega moega bae noe wadjib tjampoer tangan pikeun ngabasmi eta perkoempoelan noe baroeroeng.

Para istri, sing ariatna kabade bisi aja lid J. V. R. melet andjeun tjek oerang Randoesari.

**J.V.R. keneh.**

Wengi tadi kinten taboeh 8 di kampoeng Randoesari parantos gehger deui lantaran djelemadjelema sakampoeng Randoesari seusceurna karoempoel di pajoeneun rorompokna kapala J. V.R., di dinja nonoman anoe berdasar „toeloeng bangsa" keur naroskeun ka kapalana eta J.V.R. tina noe geus kadjadian - mangkoekna tea, eta kapala J.V.R. saradina mah keukeuh peuteukeuh moengkir, tatapi barang diantjam rek diteunggeul manehna ngakoe teroes terang, sagala noe geus kadjadian mangkoekna nja tarekah manehanana.

Eta kapala J.V.R. geus menta ampoen ka nonoman anoe berdasar „toeloeng bangsa", moal rek deui deui ngalakoekeun anoe saroepa kitoe, djeung soempah, manehanana cs. katingal deui ngalakoekeun anoe saroepa kitoe kenging diteunggeulan.

Oerang Randoesari sadajana nganoehoenkeun ka nonoman anoe berdasar „toeloeng bangsa" tea, reh koe djasa andieunanana pisan J.V R. geus di basmi ka toer ka akar akarna, tatapi saaa djan ajeuna beunang diseboet geus leungit, Oerang Randoesari geus taki-taki, bisa eta J.V.R. timboel deui, djeung sakabeh pada noelatenan kana tingkah lakoena leden J.V.R.

Moega-moega bae tengtrem deui, oelah aja kagehgeran perkara anoe saroepa kitoe.

—o—

### Ti Tjirebon.

**Cooperatie di Tjiledoek.**

Roepana meh di oenggal djoeroe di padjamanan ajeuna pada ngaradegkeun perkoempoelan noe maksoedna ngamadjoekeun economie oerang. Djadi ari ki toe bangsa oerang teh, sanadjan henteu atjan kabeh oge, beunang diseboetkeun eungkeut eungkeut hararoedang, geus njiklakeun simboetna noe ngaboelen mangpirang pirang taoen.

Sakoemaha noe geus kapireng di district Tjiledoek oge geus aja noe ngadegkeun Cooperatie. Minggoe 25 Mei geus diajakeun rioengan maksoedna ngesahkeun naon noe geus dipiangen angen maksoedna ngesahkeun naon noe geus dipiangen angen tea.

Saharita oge teroes ngajakeun rengrengan bestuur. Demi noe kapilih nja ete para:

djrg. Wirasasmita Voorzitter.
„ Sastramihardja Secretais.
„ „ Peningmister.
„ „ Commissaris.
„ Wangsadisastra „
„ Wiradiredja „
„ Padmadiredja Verkooper.
„ Kartsämiardja } Inkooper.
„ Ardiwidjaja }

Ieu Cooperatie djalanna nganggo diaandeel, hidji aandeel f 10. djeung ngadjoealana barang dagangan saheulaanan ngan ka noe djaradi lid woengkoel.

Demi reana noe bakal djadi lid noeroetkeun opgave ± 30.

Moega-moega bae sing loeloes bangloes oelah aja halangan haroenganana.

**H.I.S. P.G.B. Tjiledoek.**

Sanadjan ieu perkara geus bari oge, ieu weleh hajang njaritakeun koelantaran beunang diseboetkeun perloe oge. Demi noe rek ditjaritakeun nja eta ngadegna H.I.S. P.G B. di Tjiledoek. Ieu H. I. S. diboekana dina sasih Januari 1931 tempatna deukeut aloen aloen kawadanan.

Nilik kana kaajaan moeridna waktoe ajeuna beunang diseboetkeun madjoe. (+ 84 moerid) Moega moega bae teroes madjoe

Sadjabana ngadjar baroedak oge ngajakeun avondles, keur djelema djelema noe mikaboetoeh basa walanda handjakal noe djadi moeridna henteu sakoemaha mentingkeunana, boek tina beuki lila beuki ngoerangan bae. (Arm).

—o—

### Ti Brebes.

**Derde internationaal?**

Adjar peteng meunang bedja, jen sawatara poé katoekang di pandopo Kawadanaan Bandjarhardja geus diajakeun conferentie, malah dina eta conferentie teh didatangan koe toean Assistent Resident Brebes sagala.

Dina eta conferentie djaba ti noe sedjen sedjenna geus di batja verslag vergadering Pasoendan tjabang Bandjarhardja, tapi geus disalin kana basa Walanda. Tjek anoe ngadenge, di na eta verslag teh make aja ketjap „Derde Internationaal" sagala. Padahal keur vergadering Pasoendan mah, samasakali henteu aja ketjap kitoe teh. Aneh!

Dimana ajana ieu kasalahan, naha ngan djidjieunan bae atawa kaliroe?

**Pasoendan Bandjarhardja**

Doeka enja henteuna, djigana bae aja parentah noe katjida lemesna, nepi ka moal bisa lamoen hajang njaho boektina. Eta bae ajeuna mah rea noe marenta eureun tina kalangan Pasoendan, tjenah dititah koe noe djadi doenoenganana.

Lamoen enja aja doenoengan noe nitah kitoe, tetela pisan eta doenoengan teh henteu bisa misahkeun di djero pagawean djeung loeareun pagawean

**Voorstelnoengeunah**

Henteu atjan sakoemaha lilana ka Regentschapsraad Brebes aja noe ngasongkeun voorstel, sanadjan eta voorstel teh lain piguweeunana eta raad, nja eta menta soepaja dina koempoelan djeung Loerah loerah sanadjan di mana oge oelah aja Loerah noe sina andeprok diock di handap, tapi kabeh koedoe dibere korsi bae.

Ieu voorstel katjida hadena, ngan bae kawasna noe mere voorstel teh henteu bisa ngabedakeun pangkat Boepati djeung Voorzitter Regentschapsraad. Saenjana ieu voorstel teh leuwih hade diasongkeun ka Boepati, lain ka Voorzitter Regentschapsraad. Tapi kitoena deui da poegoeh ari djalmana mah eta keneh bae.

**Cursus goeroe desa**

Ping 23—24 sasih Juni baris aja samen pimoerideun Cursus goeroe desa di Bantarkawoeng. Memeh aja bedja kitoe, tjenah di Bandjarardja oge baris diajakeun, malah parantos meh satengah officieel, da eta bedja teh bidjilna ti noe koedoe dipertjaja Bedja anoe kitoe, anoe bidjilna ti noe koedoe dipertjaja tea dina teu kadjadianana teh bos matak nambelarkeun kana pangadjina noe ngabedjakeun tea. Malah tjenah baris ditambahan deui hidji schoolopziener, bisa djadi njokot ti Pasoendan. Doeka ieu oge, naha bakal njoledat deui kitoeh?

**Perceel Ketanggoengan West.**

Malem Rebo 26/27 Mei 1931 mani raboel djelema paoentoej oentoej rek laladjo babatjakan fabriek ti oenggal madhab mani ngabroel pagiriding giriding. Handjakal babatjakanana ditjoekoepkeun koe „hadjat" bae, teu dirame rame; atoeh noe ti imahna nawaetoe laladjo mah kapaksa balik koekoeloetoes. Lamoen heug toeloes dirame rame, tada teuing orotna doeit ra'jat di oendjalan koe tongtonan, lotre lotrena s. s. b.

Naon sababna noe matak babatjakanana eta fabriek teu sabiasa? Naha pedah djaman kieu, kitoeh, karoenjaeun ka Ra'jat? Nja noe tangtoe mah, pedah rega goela keur tidikes.

—o—

### Samenwerking Tiong Hoa djeung Indonesier.

Geus mindeng pisan matja dina soerat soerat kabar njaritakeun perkara bantrokna bangsa Tiong Hoa djeung Indonesier di Pekalongan, tapi pikeun di Solo, katendjo dina praktijkna, mingkin tambah rapet doedoeloeranana ieu antara doea bangsa, anoe memang saroea pada ngarasakeun koemaha dina kaajaan gentjetan malaise dina djaman ieu.

Di ditoe di dieu pada moro moro kana kakoeatanana nasionalisme, tapi di Solo roepana nasionalisme Tiong Hoa djeung Indonesier katjida babarenganana, sili toeloengan sagala ka perloean dina oeroesan naon bae. Nepikeun ka Sinoehoen sorangan oge, waktoe dina ngadegkeun pasanggrahan Sri Poerno, noe katjida aloesna, sagala pagawean dipasrahkeun ka aannemer Tiong Hoa, ngaran Tio A Jen, projectiena beunang architect Kraton, R. Ng. Getosoerojo.

Dina waktoe di Solo ngajakeun pesta Pasar Malem aoesoehoenan bestuur Comite saperti ieu dihandap:

Adviseur Hoofd Comite, djrg, Soe d.Martodihardjo

Voorzitter, djrg. Tjioe King Siang

Vice Voorzitter, djrg. M. Soetijadi

Secretaris I, djrg. M. Darsosawego

Secretaris II, djrg. R. Sastrowitjitro

Penningmeester, djrg. Sie Ngo Siang.

Leden para djrg: M. Resodikoro, R. M. Hardjomoeljo, R. Soedijono, Tan Pak Haij, Liem Tiang Hong djeung Achmad Bakswan.

Sedeng bestuur di afdeeling Comite van ontvangst nja eta: djrg. R. M. Ng. Wiroatmodjo, voorzitter, djrg. Tan Kiong Hrij, vice voorzitter, djeung bestuurs leden. (Kiauw Po).

—o—

### Djalma oentoeng.

Tjek bedja, Oeij Tjong Haij, oerang Bodja, lot No. 144121, Kong Hoey Beng, soedagar djeung Go Kie Hiang, rekening looper Borsumij di Bandjarmasin, ieu doea djalma papatoengan sarta njekel lot No. 13385, geus meunang kana prijs f 10.000.— tina tarikan loterij noe kakara diboeka.

—o—

### Toeroenna gadjih.

A.I.D. meunang bedja, jen di kaoem boeroeh Gouvernement, hal noeroenkeunana gadjih geus bisa ditangtoekeun mimiti dina tanggal 1 Juni, tapi ieu atoeran henteu ngarawel kana gadjih gadjih anoe ditetepkeun koe pamarentah di nagara Blanda.

—o—

### Korban kahadean.

Toean Harkink, hoofdredacteur Sumatra Bode, geus diasoepkeun ka hotel prodio, lantaran didakwa ngagasab doeit pikeun pakoempoelan gedena f 15.000.

Sobat sobatna eta toean nerangkenn. jen toean Harkink teh djalma hade bate djeung daek toetoeloeng ka sasama manoesa.

Watoe manehna djadi agent di Escompto, geus namoa parentah ti direktoerna soepaia saga la ongkos ongkos dileutikan, tapi sanadjan kitoe, manehna henteu daekeun ari ngalepas persooneelna mah. Tjek sobatna keneh, noe matak eta doeit pakoempoelan digasab, lain dipake borak borak, tapi dipake noeloeng ka djalma noe keuna ka soesahan. Kitoe noe matak diseboet korban kahadean teh. (K.P.)

—o—

### Loba doeit palsoe.

Hidji Indonesier di Soerabaja geus ditangkep, sabab manehna geus njieun doeit palsoe. Sala saoerang batoerna keneh geus kaboer.

Lobana doeit bolongan palsoe djeung pakakasna geus di beslag koe politie.

—o—

### Kabinangkitan Bali.

Kabinangkitan ti Bali noe di pingpin koe djrg. Soekawati geus nepi ka den Haag. Datangna ka dinja disalametkeun koe oeroet G.G. Fock djeung koe oeroet minister djadjahan Koningsberger.

—o—

### Ambon sorangan.

Hidji Tiong Hoa, ngaran Tji Dja Ki, oerang kampoeng Tjilenggang (Tangerang) djeung pamadjikanana ngaran Li Po Nio, roepana bae salilana ngarangkep djeung noe djadi salakina henteu bisa hiroep roekoen, boektina eta awewe balik ka kolotna. Tapi si salaki masih keneh tjinta sarta geus njoba sababaraha kali ngadjak soepaja daek balik deui, koe pamadjikanana keukeuh henteu kaladenan.

Dina sawatara poé katoekang waktoe di kampoeng Pagedangan aja rameaan. eta awewe (pamadjikanana Tji Dja Ki) laladjo. Dina waktoe balik ti pang laladjoan kalawan dianteur koe sawatara batoerna, eta awewe geus ditaradjang koe si salakina (popotongan) da geus diserahkeun, nepi ka eta awewe roeboeh sarta mandi getih.

Sapada harita keneh eta awewe teroes ngaleupaskeun njawa. (K.P.)

## Koropak

**Djrg. Sitro di Bandoeng.**

Moegi Djrg. oeninga, oepami ngadamel karangan kangge serat kabar, diseratna kedah dina keretas sabeulah bae, oelah di boelak-balik.

Djabi ti eta, moegi Djrg. kersa masihan terang djenengan sareng adres noe tetela. Oepami henteu kitoe, henteu tiasa dilaksanakeun

—o—

**Djrg. Sireum di Madjalaja.**

Seratan Djrg. noe djoedoelna „Goeroe tabeat sato" njarioskeun kadjantenan di o/d Tjipakoe, henteu tiasa dilebetkeun, margi henteu aja patalina sareng kapentingan oemoem. Eta mah noe kawin ka popotongan batoerna, sanes perkawis aneh. Moeng oepami djalanna tioerang, tjekap koe disingkahan bae.

## Sport

### Nan Hua Java Tour 1931.

Sakeudeung deui di Bandoeng baris diajakeun pertandingan voetbal Internationaal, tempatna di lapang Nieuw Houtrust. Nan Hua, kampioen voetbal ti Hongkong, poé Rebo tanggal 10 Juni 1931 baris ditandingkeun djeung Luno, kampioen Bandoeng. Poé Saptoe, tanggal 13 Juni, Nan Hua bakal diadoe djeung Bond Bandoeng (kampioen Bond Java 1931,) sarta dina isoekna, Minggoe Nan Hua contra Uni.

Kana pertandingan noe kaseboet di loehoer, moal boa pu bliek loba noe hajang ngaboektikeun, sabenteuna ka barang anjar, kateroeg toeroeg semah djaoeh deui. Tapi, lantaran oerang Bandoeng (babakoe,) pesakna remen teuing dikorobet koe roepa roepa tongtonan, mah koe maenbal oge mani saba baraha kali, hariwang ieu pertandingan moal sab raha succesna. Komo lamoen ras kana harga kartjisna mah, oepamana bae tjap nangtoeng „inlander" make f 0.40. Opat kenep teh memang geus normaal, biasa saban datang semah ti peuntas oge sok sakitoe majarna, tapi dina waktoe anoe sakieu kekerehetna, katambah pisan djeung mabok laladjoaneun tea, katjida hadena lamoen ongkos laladjo teh rada ditoeroenkeun.

## Kawat

tina s. s. k.

INDIA.

**Conferentie medja boender.**

Bombay. (Aneta Reuter). Congres di Bandoll geus ngawawarkeun, jen Gandhi geus njoeratan ka Lord Willington sarta nerangkeun, dina conferentie medja boender noe kadoea, sanadjan India tatjan beres pisan, rek noengkoelan, sarta rek njaritakeun pasal noe patalina djeung India.

—o—

DUITSCHLAND.

**Kaoem nganggoer ngoerangan, tapi....**

Berlijn. (Aneta-Nipa). Djoemblahna kaoem nganggoer di Djerman, dina tanggal 15 Mei aja 4.211.000 djiwa, nja eta noe meunang soembangan ti pamarentah.

Lamoen dibandingkeun djeung doea minggoe katoekang ngoerangananana teh 14700 djiwa, tapi sanadjan ngoerangan bahaja mah henteu koerang.

—o—

AMERIKA

**Soerat hoetang nagara.**

Washington. (Aneta Nipa) Sangkan bisa noetoep katekoran begrooting nagara, Andrew Mellon geus ngaloearkeun soerat hoetang harga 800 millioen dollar make renten 3½ persent. Ieu soerat hoetang mimitina di djoeal ka poeblik dina 15 Juni sarta baris diseboes dina taoen 1946 djeung taoen 1949.

—o—

TIONGKOK

**Patjekrjokan di Hunan.**

Aja bedja, balad Kwangsi noe dikapalaan koe Tan Lien Fang, dina tanggal 30 Mei di tapel wates Kwangsi geus ngaroeroeg bawahan district Hsinning di Hunan Kidoel. Tapi barang datang ka dinja koe barisan ka 4 dipapag koe paneunggeul, datang ka kapaksa koedoe moendoer.

Ho Chin nelegram ka kapala barisan ka 4, koedoe ati ati nja ngadjaga moesoeh.

**Feng Yu Hsiang.**

Feng Yu Hsiang masih tjitjing di Tienyac atawa Chishan, pokna: moal toeroet tjampoer kana politiek, ngan hajang tetep djadi rajat di Shansi (tapi toch sagala pihak pertjaja, manehna koedoe moentjoel deui dina kalangan politiek).

**Voorstelna Chang Hsueh Liang.**

Meunang bedja, jen Chang Hsueh Liang ka pamarentah Centraal geus moorstel, soepaja Hu Han Min dibere idin indit ka Canton. pikeun ngabeberes noe salah sangka ka manehna sarta rek diajakeun babadamian


**H. I. S. „PASOENDAN" !!**
**Tasikmalaja**
**(Ongesubsidieerd).**

Njamboeng bewara anoe parantos dimoeat kapengker, hatoer oeninga jen H.I.S. anoe kasebat di loehoer teh, tiasa tjios diadegkeunana, oepami seueurna pimoerideun aja 40. Saoepami eta parantos katjoemponan dina lebet sasih Juni, tinangtos tiasa ngawitan diboeka dina sasih Juli 1931.

Ieu sakola moal njoehoenkeun soepsidie, djalaran pamaksadan „Pasoendan" hajang nganggo dadasar „kabangsaan". Namoeng menggah leerplanna mah bade disamikeun sareng sakolasakola H. I. S. Goeperemen.

Soegri noe bade ngalebetkeun poetrana, disoehoenkeun enggal wartosan koe serat atanapi koe lisan ka noe nawis di handap ieu, atanapi ka Secretaris II di Clubhuis Pasoendan. Satiasatiasa hajang katampi elat-elatna ping 15 Juni 1931.

*Kalawan namina*
*Commissie H. I. S.*
SOEPJAN ISKANDAR
Heerenstraat 24.

# GALOENGGOENG-BIOSCOOP

Tasikmalaja.

INI MALEM DAN MALEM BRIKOETNJA

Dipertoendjoekken film:

## The Light of Western Stars

Rol - rol dipegang oleh:

RICHARD ARLEN, MARY BRIAN, FRED KOHLER dan HARRY GREEN.

Satoe tjerita jang soedah kesohorken, diambil dari boekoe ZANE GREY, itoe pengarang tjerita Cowboy jang terkenal — — — — di seloeroeh Doenia. — — — —

Silahken menonton! Ditanggoeng rame!

Menggoembiraken dan menienangken.

# ADVERTENTIËN


**KANTOREN:**

## R. Idih Prawira di Poetra

**RECHTSKUNDIGE**

Nampi padamelan ADVOCAAT EN PROCUREUR
OEROESAN: CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA

Hoofdkantoor di Garoet: tel. 142 Pakoewon No. 10
Bijkantoor di Tasikmalaja: tel. 121 Manondjajaweg
— No. 13, atawa Heerenstraat No. 14 sareng —
— Pangeran Soemedangweg No. 115 Bandoeng. —

KETOE OEDENG



## HALIM



WEST PASAR STRAAT 16
— BANDOENG —

Ketoe oedeng Pasoendan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Osvia md. D. Osvia tina roepi-roepi batikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2,— f 2,50, f 3,— f 3,50 enz.
Ketoe oedeng model wiron Pasoendan (Soenda Kadjawan) anoe nganggo endol alit ipis sareng anoe henteu, batikna oge roepi-roepi. pangaos idem
Ketoe oedeng wiron kadjawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo kepet (tjetjepet) batikan roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng henteu.
Kopejan bloedroe hideung sareng beureum, nja kitoe deui modelna, model Medan (ipis sareng leuleus) raos dianggona pangaos f 1,50 oekoeran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1,— anoe boelak-balik f 1,50-
Sindjang poleng Bandjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50-
Poleng Soetra ditanggel kiat f 5,—. Poleng Soetra anoe pangsaena kaloearan Soemedang f 10,— palekat tiap korsi No. 1 f 3,25.
Sadajana pangaos teu atjan kaetang ongkos ngintoen. 1-5

## ANGORA RESTAURANT

Kebon Djatiweg No. 15 Telefoon No. 2142 —o— Bandoeng.

Sajagi roepi roepi katoeangan sareng leueuteun, kangge njekapan sa daja pamoendoet para Djoeragan.

Parabot diatoer sae sareng modern. Sajagi katoeangan Europa Turkey sareng Indonesia. Ys cream a la Turkey dimana mana teu atjan aja noe ngitjal.

Koe djalaran djaman malaise, ngahadja dimirahkeun pisan soepados saniskanten bangsa tiasa katjoemponan sakapalajna.

Hormatna noe ngantos-ngantos

**De Beheerder.**

MODEL



**KETOEOEDENGMAKERIJ**
**MOHAMAD MOEIN**

MODEL



**PASAR BAROE 88**
**BANDOENG**

*Sajagi:*
Ketoe oedeng ti kawit pangaos f 2.— t/m f 8.— Sindjang poleng geroesan Tjirebon kapoengkoer f 6,— ajeuna à f 4.50 dianggel moal tiasa loentoer, tiasa digeroes 4 atanapi 5 kali. Sindjang poleng geroesan Poengkoer (Bandoeng) kapoengkoer à f 3,50 ajeuna . . . . . . à f 2,50. Sindjang poleng soetra Tjimindi, kapoengkoer à f 6— ajeuna . . . . . à f 4,50.

*RECLAMEPRIJS*

Barang-barang dikintoen onder Rembours. — Enggal njobian.

514

## OSRAM GLOEILAMPEN

Jang soedah terkenal kakoeatannja lebih terang menjalanja dari laen-laen lampoe boeat listrict. Djoega disediaken boeat tarief D. jang pake tjeutilan diatasnja.

Bisa dapet
di

## TOKO TRIO

Goenoeng Sabeulah 27 - Tasikmalaja

**GRAMOPHOON & PLATENHANDEL**

## „DE HARP“

Groote Postweg 76 — Filiaal Singaparnaweg 45
BANDOENG TASIKMALAJA

Salamina njajagikeun roepi-roepi parabot kaperloean muziek, anoe ditanggel tiasa njoempoenan kana sanes kanten noe dipesen koe para djoeragan.
Roepi roepi plaat gramophoon, sareng dina lagoe-lagoena oge ngahadja njajagian lagoe anoe dina waktos ieu mah keur meudjeuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film. Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta
Soepados tiasa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga ditjarobi bae.

*Hoermatna*
*noe ngadjeng-ngadjeng.*

## JODOSTICK

**Naon ari Jodostick?**

Oooh, JODOSTICK hidji landong anoe katjida mandjoerna pikeun roepi-roepi panjawat saperti:
— Raheut, kakadek, dipatjok Oraj keuna —
— koe seungseureudan sareng sabangsana. —
Nganggona katjida gampilna eta raheut atawa noe oeroet diseureud tea, asal disoesoet koe JODOSTICK tangtos peurahna moal tiasa njaliara harita keneh
— — — tiasa sae deui. — — —

**Pangaos hidji fles moeng f 2.—**

Tiasa konging ti:

CHEMICALIEN HANDEL
**V.H. TOKO NIC. MULLER**
Goenoeng Ladoe 15 —o— Telefoon 28
TASIKMALAJA.


*Enggal ngalanggan dagblad*
*SIPATAHOENAN*


## NEMBE DIBOEKA

Kangge ngagampilkeun kana saniskanten kaperloean langganan sareng tiasa enggal njoempoenan sadaja pesenan, ngahadja ngawitan ti 1 April 1931, TEGELFABRIEK „NAJA“ Tasikmalaja, ngajakeun filiaal di Soebang, tempatna di Soekamenak. Ngadamelan roepi² tegel beton rooster (angin²) beton + buis (koeloewoeng), padamelanana ditanggel + ngabingahkeun toer pangaosna tiasa dibandingkeun.

*Noe ngadjeng-ngadjeng,*

Tegelfabriek „NAJA“
TASIKMALAJA — SOEBANG

*Parantos njobian?*
*Oepami teu atjan, kedah enggal soemping ka:*

*Snelpers Drukkerij Galoenggoeng*
*Passarstraat No. 34 — TASIKMALAJA — Telefoon No. 51*

*Nampi roepi-roepi tjitakan, padamelan ditanggel enggal sareng rapih, oge sajagi roepi-roepi kaperloean kantoor sapertos: boekoe-boekoe, potlood, vulpens, mangsi sareng seueur-seueur deui, pangaos ditanggel — — mirah sareng ngabingahkeun. — —*

## „DE GOUDEN STER“

Ada namanja kita poenja merk limonade dan aerblanda jang soedah tjockoep terkenal diantara toean-toean langganan, teroetama ia poenja kwaliteit jang selaloe didjaga, dan ditilik oleh Gezondheid Dienst.

Djangan sangsi tjarilah selamanja itoe merk
——— Temoe menjenangken. ———

Memoedjiken dengan hormat

**Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER“**
**Tasikmalaja — Telefoon No. 114.**

**BANDOENGSCHE**
**Chemische Wasscherij & Ververij**
Stationsweg No. 30 TASIKMALAJA Naast GEBEO.



„Timana andjeun ngongkonkeun njeuseuh (njelep) sakieu saena?“

Adres noe kasebat diloehoer parantos kamashoer kasaeanana kangge njoemponan njeuseuh roepi-roepi panganggo, sapertos: linnen, gabardine, palmbeach, alpacca, satin, kamgaar, tricot, toedoeng sareng sadjabina ti eta. Oge nampi kongkonan njelep panganggo, sapertos noe parantos boeroek tiasa weuteuh deui (dryeing work).

*Padamelan ditanggel ngabingahkeun, pangaos di-reken pantesna.*
*Mangga ngadamel pertjobian!*


## Padjengkeun Dagblad „SIPATAHOENAN“ koe djalan mangmilarikeun Abonne's noe saratia

# IMPLIK-IMPLIK

TJARIOS

? ? ?

*Dikarang koe*

**Nanie**

BANDOENG

(Special keur „Sip“)

No. 35

— — — — — — — — — — — —

Matak karoenja koe Neng Atikah!

Salirana djadi koetjel belewoek, tara pisan kersa njipoeh salira. Saban poé saban peuting poetra noe digoegoeloeng. Tapi handjakal kanjaahna ka noe djadi poetra teh ditjampoer djeung panjawat manah.

Keur meudjeuhna gede doeriat, gede kasoekaan dikeser koe rakana . . . njerina geus taja wates wangenna. Oenggal poé oenggal peuting damelna ngan nangis, emoet kana kadar salirana anoe geus teu beunang dirobah deui.

Sakapeung mah lamoen oerang ningal kaajaaan salira Neng Atikah, njangka . . . noe lain lain. Komo ari geus ngadjentoel nga hoeroen baloeng, emoetanana malaweung, tara beunang diong get ongget, ngabatoe kawas keuna koe soepata.

Ana keur datang malaweung, geus tjoel ka poetra, sanadjan djedjeritan tjeurik tara dipirosea ieuh.

Sakapeung mah lamoen keur rosa malaweungna, sapoë djepoet ngahintoel teu beunang di taros.

Pamanna djeung bibina katjida hariwangeunana ningali Neng Atikah anoe tadina sakitoe ra djiana sakitoe pikaloetjoeeunana sakitoe goembirana, ari ajeuna djadi tjarang takol, damelna ngan hoeleng djentoel lir anoe owah akal.

„Aing nang kadjadian kieu, taja lian ngan lantaran si Fatah,“ tjek dina manah Neng Atikah. „Aing diserahkeun koe Hoesen djeung Hamzah alesanana saroea bae lantaran awak aing geus . . . . . .“ Andjeunna noetoepan raraj koe panangan.

Fatah teu daekeun poho sakali ring doemadi, keuheul anoe taja papadana, njerina tanpa tanding, kadoehoeng sagede goenoeng oepama emoet kana kakedjeman Fatah waktoe kaloekang.

„Aing mati-mati . . . . taeun oge, hajang males heula ka njeri. Awak aing pang sakieu hoektina lantaran kakedjeman si Fatah. Ajeuna bedjana manehna aja di dieu Aing memang geus teu ngaharep lila-lila hiroep di doenja lantaran awak aing geus batan sakieu, hiroep oge diroeng sing koe kapoesing. Da tjatjakan aing teu „taeun“ mah djeung si Fatah tangtoe aing awet laki-rabi djeung Hoesen atawa Hamzah. Aing tangtoe bisa kawin deui ka lalaki sedjen „lain“ ka boedjang, soegan teu kadoehoe ngeun kawin djeung aing, tapi aing era koe batoer djeung koe awak sorangan, lantaran tjroek-tjrek teuing boga salaki, ah mending oge boeroe boeroe indit ngadjaoehan doenja anoe pinoeh koe kakadoehoeng djeung kahan djakalan. Tapi . . . . . aing rek males njeri heula ka si Fatah djelema anoe teu boga rasa ka manoesaan . . . .“ Tina manah Neng Atikah kaloear tekad awon.

Keur andjeunna tjalik ngahoeroen baloeng bari lalamoenan bi Amah datang njamoeukeun.

„Koemaha embi?“ Tjek Neng Atikah, „naha jaktos?“

„Teu lepat satjongo ramboet Enden,“ wangsoel bi Amah „jaktos Neng Emi teh geureuhana Fatah waktos di Bogor. Malah wartosna ajeuna teh bade wangsoel deui.“

„Doepi Coswara, boedak tea, jaktos poetraua?“

„Jaktos, teu lepat“

„Koemaha Fatah mindeng datangna ka wetan?“

„Meh oenggal dinten wartosna mah“

„Koemaha ari Karnaen?“

„Ka djoeragan Karnaen mah djadi nampik bae, margi kabongroj deui koe popotongan.“

„God zeg . . . !“ Neng Atikah ngagaro mastakana, paroman ngandoeng kaseroe, „ik zal . . . ik zal . . .“ Djoeng andjeunna ngadeg, ladjag ledjeg di tepas, reup pameunteuna geuneuk raj pias, waosna kekerot.

Bi Amah ngaleos ka toekang . . . .

„Ikah, Ikah!“ Bibina njaloekan ti djero Neng Atikah lebet, gek emok di pajoeneun bibina.

„Haaar itoe si Atikah kalah dioek, na teu kadenge boedak tjeurik?“ Bibina morongos.

Djoeng Neng Atikah ngadeg, leos ka kamar bari djebras djebris, Bibina noetoerkeun pandeuri, gek tjalik dina korsi.

„Ieuh Atikah,“ tjek bibina, „na ari maneh kawas djelema anoe teu boga pisan pikiran, mani sigana teh heurin doenja teh keur maneh mah, istoening pondok heureut taja pisan kaloeasan hate. Adatna awewe mah adatna, bongan teu boga kakawasaan, sanadjan sakoemaha mibeuratna oge ka noe djadi salaki ari salaki geus teu soedieun? Teu bisa madjar koemaha.

*Teraskeuneun.*


*Boekoe.*

**Soengkeman Geloeng.**

konging Narajana.

*à f 0,30—*

*Adm. Sipatahoenan.*